



## **BUMBIRO REZVATINOVIMBISA KUNE WESE WATINOSHANDIDZANA NAVO**

### **1. Nhuriro**

Marondera University yeAgricultural Sciences and Technology (MUASt) inzvimbo yechizvino uye yakasarudzika yedzidzo yepamusoro yakavambwa kuburikidza neMutemo weParamende muna 2015. Yunivhesiti iyi ine chinangwa chekubika vadzidzi vanogamuchirwa pasi rose uye vane ruzivo rwakadzika mukurima, mabhizimusi, uye hunyanzvi hwetekinoroji kuburikidza nehunyanzvi mukudzidzisa, tsvakurudzo nekuwedzera kushandidzana nevanhu vemunharaunda yedu, hunyanzvi, uye maindasitiri.

### **2. Muono wedu**

Kuva chikoro chinotungamira pakupa dzidzo ine hwaro hwetekinoroji mukuita mabasa ezvekurima uya kupa unyanzwi mune zvemabhizinesi kumatunhu enyika nepasi rese.

### **3. Chinangwa chedu**

Kuburitsa magirajuweti ane ruzivo nehunyanzvi, kuvandudza nharaunda dzevarimi uye maindasitiri kuburikidza nedzidziso itsva nekudzidza, tsvakurudzo, kushandidzana nevemunharaunda yedu, hunyanzvi uye maindasitiri.

### **4. Zvatinokoshesa**

- a) Kugona
- b) Kucherechedza nekugamuchira kusiyana kwevanhu
- c) Kuedza zvinhu zvitsva
- d) Kuita zvine ugo
- e) Hunhu
- f) Kuita zvinhu zvinochengetedza vanhu nenzvimbo yavanogara
- g) Kuvimbika

## **5. Vatinoshandidzana navo**

- a) Vadzidzi
- b) Vagari venzvimbo uye vepasi rese mukusiyana kwavo
- c) Bazi rezvedzidzo yepamusoro, kuvandudzwa kwemabasa, hunyanzvi hwemichina nekuvandudzwa kwetekinoroji
- d) Masangano anopa mvumo nekuongorora zvidzidzo
- e) Mapazi eHurumende- emunharaunda, mudunhu, uye enyika yose
- f) Zvikoro, makorichi nemayunivhesiti emuZimbabwe neepasi rose
- g) Vemaindasitiri nevanoita zvekutengeserana
- h) Masangano akazvimiririra emuZimbabwe neepasi rose anopa rubatsiro neanotsigira budiriro
- i) Masangano emuno nepasi rese
- j) Masangano anomiririra vadzidzi
- k) Masangano emubatanidzwa wenyika
- l) Vashandi veMUAST

## **6. Mabasa makuru anoitwa neMUAST**

- a) Kudzidzisa nekudzidza: Kuburikidza nedzidziso itsva yechizvinozvino inosanganisa kuonana uso neuso uye kudzidza nemasaisai, tinopa zvidzidzo zvemhando yepamusoro yedhigirii rekutanga nemadhigirii epamusoro. Tinobatsirawo vanoda kuenderera mberi nedzidzo vanenge vachida kuvandudza ruzivo nehunyanzvi hwekuita zvekurima nezvekutanga mabhizimusi.
- b) Tsvakurudzo: isu tinokurudzira tsvakurudzo inotungamirwa nekupedza matambudziko yakanangana nekugadzira nhaka uye kupa unyanzvi kune matambudziko munyaya dzekurima.
- c) Kudyidzana nenharaunda: tinoita mabasa ekubatana kugadzira hukama nenharaunda uye kufambisira mberi ruzivo muvanhu vari munharaunda.
- d) Mabasa ekuvandudza nekunhadzurudza zvinhu: Isu tinosimudzira kuvandudzwa kwehunyanzvi hwekurima uye mhindupindu dzekupedza matambudziko angasanganikwa nawo nevarimi uye nenyika mazuva ano.
- e) Kugadzirwa kwemichina nemidziyo inovandudza upfumi hwenyika: isu tine chinangwa chekusimudzira maindasitiri kuburikidza nekutengeserana kwezvigadzirwa uye pfungwa dzingabatsira pakupedza matambudziko evarimi uye enyika yose.
- f) Kuunganidzwa kwezvikanisiro: isu tinotsvaga mikana yekuzviriritira nekugadzira kudyidzana, kupa dzidziso inoumbiridza unyanzvi, kushangazhika, kuronga mabhizimusi rekugadzirisa zviwanikwa, uye mamwe mabhindauko ekurarama nawo.

## 7. Chivimbiso Chedu

Chivimbiso chedu kune vese vanobatana nesu ndechekushandidzana zvemhando yepamusoro kuburikidza nezvinotevera:

- a) Kudzidzisa nekudzidza kwakakwenenzverwa, tvakurudzo, kubatsira vanhu vemunharaunda, kugadzira midziyo nezvekushandisa uye kumutsidzira maindasitiri.
- b) Kuve nechokwadi chekuchengetedza hutano hwevadzidzi, vashandi, uye vanoshandidzana nesu.
- c) Kukwenenzvera maitiro edu nekushanda tichitevera tsika dzedu dzakakosha dzekugona, kucherechedza nekugamuchira kusiyana kwevanhu, kuedza zvinhu zvitsva, kuita zvine ugo, hunhu, kuita zvinhu zvinochengetedza vanhu nenzvimbo yavanogara uye kuvimbika.
- d) Kuenderera mberi tichivandudza mashandiro akanaka nevanhu vose
- e) Kupa mikana yakakodzera yekuvandudzwa kweruzivo neunyanzvi.
- f) Kupindura mibvunzo nezvichemo zvevatinoshandidzana navo mukati menguva pfupi.
- g) Kuchengetedza kodzero yerusununguko rwedzidzo kuburikidza nekuremekedza pfungwa nemaonero akasiyana.
- h) Kusimudzira kuenzana, kupana mikana yakaenzana, uye kubatana kwemunhu wese mukutungamirira nekusimudzira yunivhesiti.
- i) Kuvandudzwa kwetsvakurudzo uye hunyanzvi kuburikidza nezvinyorwa, mapatendi, rupawo, uye zvisungo zvekuchengetedza zvigadzirwa nekushambadzwa kwazvo.
- j) Kuvandudzwa kwehukama hunobatsira vanhu vemunharaunda pamwe nevatinoshanda navo.
- k) MUAST yakazvipira kusimudzira kuvimbika uye kurwisa huori.

## 8. Tingafara kunzwa kubva kwamuri

MUAST inokoshesa maonero nepfungwa dzenyu. Tiudzei zvatiri kugona nezvatiri kukanganisa. Munogona kutitumira imeiri kana kutibata paSocial Media. Tinovimbisa kuti zvese zvamuchatitaurira tinozvichengetedza zvakavanzika.

## 9. Nzira dzekutibata nadzo

- a) P. O. Box 35  
Marondera  
  
Cold Storage Company (CSC) Complex  
Plot 15  
Longlands Road  
Marondera
- b) **Email:** [feedback@muast.ac.zw](mailto:feedback@muast.ac.zw)

- c) **LinkedIn:** <https://www.linkedin.com/company/muast/?originalSubdomain=zw>
- d) **X (Twitter):** <https://twitter.com/MaronderaVarsit>
- e) **Facebook:** <https://www.facebook.com/muast.ac.zw/>

10) **Nguva dzebasa:**

Muvhuro kusvika China	08:00 am – 4:30 pm
Chishanu	08:00 am – 4:00 pm

MARONDERA UNIVERSITY OF AGRICULTURAL  
SCIENCES & TECHNOLOGY (MUAST)  
REGISTRAR  
30 APR 2025  
P.O. BOX 35, MARONDERA  
ZIMBABWE